

# NOUVO PWOGRAM POU MOUN ANTRE OZETAZINI

Pou imigran peyi Kiba, Ayiti, Nikaragwa ak Venezyela

Etazini gen yon nouvo pwogram pou moun peyi sa yo mande otorizasyon alavans pou yo ka antre sou teritwa li legalman. Sitwayen Kiben, Ayisyen, Nikaragweyen, ak Venezyelyen dwe mande moun ki vle sipòte yo Ozetazini (Sipòtè) ranpli yon demand sou entènèt sou sit [uscis.gov/CHNV](https://uscis.gov/CHNV).

Pèsòn pa ka antre Ozetazini san otorizasyon. Si yo fè sa, yo **pap elijib** pou antre nan pwogram sa a alavni.



## ETAP POU SUIV



**1**  
Antre sou sit:  
[uscis.gov/CHNV](https://uscis.gov/CHNV)



**2**  
**Kontakte**  
yon moun ou fè konfyans (sitwayen Ameriken oswa yon moun ki gen rezidans Ozetazini) ki ka ba w sipò.

**3**  
Aprè yo fin apwouve moun k ap ba w sipò a (sipòtè a) w ap antre nan yon sistèm ki rel **myUSCIS** kote yo pral mande w kèk enfòmasyon anplis



**4**  
Après, yo pral mande w pou bay prèv ou te pran tout **vaksen** yon moun dwe pran



**5**  
Nan dènye etap la, w ap resevwa yon mesaj ki di si w apwouve. Lè konsa, **souv tout endikasyon** yo ba ou nan mesaj ou resevwa sou imel ou

Se otorite peyi Etazini ki bay enfòmasyon sa a. OIM pa fè pati pwosesis la. Nou pataje enfòmasyon an paske se yon mwayen legal sitwayen kat peyi nou mansyone yo kapab itilize pou antre Ozetazini.

Konnen etap konplè yo sou:



[bit.ly/IngresoRegularEEUU](https://bit.ly/IngresoRegularEEUU)

